

Kijan kapòt yo fonksyone ?



- Sa kapòt yo fè, se **yon baryè yo mete, pou anpeche espèm antre nan bouboun nan.** Dechay la tonbe nan kapòt la, epi apre ou retire kapòt la nan bouboun nan an, pou espèm lan pa ka feconde yon ze.
- Kapòt ekstèn yo vini sou diferan gwosè, gresay, anbalaj ak koulè. Jeneralman, kapòt ekstèn yo fèt an latèks, men yo konpoze tou avèk sibstans chimik poliiretan e po mouton (an anglè : lambskin)
- Se yon sèl kapòt entèn ki disponib. Mak fabrik la se **FC2 Internal Condom.** Kapòt entèn yo fèt ak materyèl sentetik yo rele nitril.
- Ou ka itilize kapòt, lè w ap fè sèks nan bouboun, nan twou dèyè, ak nan bouch, pou fè prevansyon kont enfeksyon ki transmèt nan fè sèks. Avan w fè sèks nan twou dèyè, ou dwe retire sèk ki anndan kapòt entèn nan.
- Kapòt la mache pou moun ki gen **nepòt pwa, nepòt laj, ak moun yo ki fè tretman ak òmòn, pou afime sèks yo.**

Kijan ou itilize kapòt yo ?

mete I
avan w fè sèks

Se oumenm ak patnè ou ki pou pran desizyon pou n itilize kapòt, **nan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijon e bouboun**

- **Lè w ap ouvri kapòt la :** Pouse kapòt la al sou yon bò, epi chire lòt kote a pou w ka dekachte anbalaj la. Pinga w janm itilize sizo, oswa dan ou. Fè kapòt la soti, epi verifye si li pa genyen okenn kote ki dechire, okenn twou, oswa defo ou ka remake.
- **Kapòt ekstèn :** Lè gason an kanpe, anvan pijon an penetre bouboun nan, se pou w woule kapòt ekstèn glise desann sou pijon an. Arebò kapòt la ki sou anba a, ap rete deyò. Kenbe pwent kapòt la, pandan w ap woule l desann ak lòt men an sou tèt pijon an, jiskaske tout kò pijon an kouvri avèk kapòt. Retire l tousuit apre ou fin fè sèks, kenbe kapòt la nan fouk pijon an, pandan w rale l sòti a, pou espèm nan pa ranvèse, pandan w ap retire l, pou espèm nan pa tonbe. Verifye si li pa gen donmaj, epi jete l.
- **Kapòt entèn :** Mete kapòt entèn lan, nan yon entèval 8 tèdtan, avan w fè sèks. Kapòt la gen yon gwo sèk entèn, k ap antre nan bouboun nan ; epi li sou deyò li gen yon sèk mens kole sou li, ki pou rete deyò bouboun nan. Peze gwo sèk anndan an, pou w ka redui l sou yon fòm oval. Antre sèk ki peze an nan bouboun ou. Mete dwèt ou anndan kapòt la, pou w pose l antre pi fon l ka rive. Sèk ekstèn mens nan dwe rete deyò bouboun nan, nan yon distans yon pou, epi ou pa dwe tòdye kapòt la. Kite kapòt la ouvè, lè w ap antre pijon an nan bouboun nan, pou w ka asire w li pa soti nan kapòt la. Pou retire l, tòdye sèk ekstèn nan, e rale l mete l deyò, pran prekosyon pou espèm pa ranvèse. Verifye si li pa gen donmaj, epi jete l.
- **Itilize yon novo kapòt, chak wap fè sèks.** Ou pa ka itilize yon kapòt plizyè fwa.
- **Pri l :** Ou ka fè ba ou yon preskripsyon pou kapòt, pou w paye pou li. Chak kapòt koute ant \$0.50 e \$6 nan magazen. Gen anpil kote tou, tankou sant sante, ki bay kapòt gratis, sans preskripsyon



Entimate ak kontwòl

- Ou pa bezwen gen yon pwofesyonèl lasante, pou w kòmanse itilize, oswa sispann itilize kapòt. Pwofesyonèl lasante ou la ka konseye w sou fason pou w itilize kapòt kòrèkteman, e ba ou yon preskripsyon pou asirans ou ka peye l pou ou.
- Oumenm ak patnè w la oblige dakò sou itilizasyon kapòt. Nou toulède ap wè ak santi kapòt la.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Yon lòt moun pa ka wè si w ap itilize kapòt, men yo ka jwenn kapòt ou te itilize/jete yo.

Lè w kòmanse itilize kapòt, èske l ap fè efè imedyatman ?



Wi, si w itilize kapòt la kòrèkteman, nan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijon e bouboun. Si ou mal itilize l, oswa si w pa itilize l ditou, sa p ap mache.



Kapòt gen dwa pa apwopriye pou moun ki

Ou pa ka antann ak patnè w sou itilizasyon kapòt.




Itilize planin an ijans, si

Ou panse ou te ka gen ti dechay nan bouboun ou, paske kapòt la te chire/glise, oswa dechay ki fuite nan twou an, pandan w ap fè sèks, oswa retire l.

Èske kapòt bon anpil pou anpeche gwo sè ?



**Ekstèn
Kapòt**




An mwayèn, **13 nan 100 moun ki itilize kapòt ekstèn ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di li **efikas a 87%**, lè yo itilize l nòmalman. Itilizasyon nòmal la konsidere ak ki fasilité yon moun ka itilize kapòt la, chak fwa l ap fè sèks.

Lè w itilize kapòt ekstèn la pafètman byen, ki vle di lè w toujou itilize kòrèkteman, 2 nan 100 moun ki itilize l yo ap tonbe ansent chak ane. Li efikas a 98%.



**Entèn
Kapòt**



Apeprè, **21 nan 100 moun ki itilize kapòt entèn yo vin ansent chak ane.** Sa vle di li **efikas a 79%**, lè yo itilize l nòmalman. Itilizasyon nòmal la konsidere ak ki fasilité yon moun ka itilize kapòt la, chak fwa l ap fè sèks.

Lè w itilize kapòt entèn la pafètman byen, ki vle di lè w toujou itilize ikòrèkteman, 5 nan 100 moun ki itilize l yo ap tonbe ansent chak ane. Li efikas a 95%.

Pou plis pwoteksyon pou anpeche gwo sè, ou ka itilize yon lòt metòd planin, an menm tan ak kapòt la. Pinga w itilize de kapòt ansanm.



Efè segondè

Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks : Kapòt diminye risk pou w fè tout enfeksyon yo ki transmèt nan fè sèks.

- Yo ka itilize kapòt pou diminye risk pou fè enfeksyon yo ki transmèt nan fè sèks, lè w fè sèks nan twou dèyè, oswa nan bouch tou.

Règ : Pa gen efè.

Doulè lè w gen règ : Pa gen efè.

Pwa : Pa gen efè.

Akne : Pa gen efè.

Ou vin ka fè ptit ankò : Lè w sispann itilize kapòt, ou ka vin ansent tousuit.

Kèk lòt efè segondè ki posib : Iritasyon nan bouboun, nan po bouboun, oswa nan twou dèyè.



Itilizasyon apre akouchman

Ou ka itilize kapòt **san danje, tousuit aprè akouchman.** Li pa gen efè sou lèt w ap pwodui, bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe.



Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Iritasyon nan bouboun, nan po bouboun, oswa nan twou dèyè.
- Reyaksyon alèji



Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- Kijan m ka pale avèk patnè mwen sou itilizasyon kapòt ?
- Kibò m ka jwenn kapòt gratis ?
- Èske m ka santi si kapòt la chire, oswa glise sòti, lè m ap fè sèks ?
- Ki gwo sè kapòt ekstèn mwen bezwen ?
- Kijan pou m jete yon kapòt ?
- Èske m ka itilize gresay avèk kapòt ?

Tcheke yon gid sou planin, ak papye ki gen enfòmasyon sou chak metòd planin yo.

